**दिन–रविवार** **दिनांक–13.04.2025**

प्रसार भारती
(भारत का लोक सेवा प्रसारक)
प्रादेशिक समाचार एकांश
आकाशवाणी, पटना

प्रसारणः–शाम 06:25 बजे सँ अवधिः–05 मिनट

---

केन्द्रीय युवा मामिला आओर खेल मंत्री डॉक्टर मनसुख मांडविया देशक युवा सभ सँ विकसित भारतक निर्माण मे योगदान करबाक आओर बाबा साहब भीमराव अम्बेदकरक समानता, न्याय आओर बंधुत्वक विजन पर कार्य करबाक अपील कयलनि अछि। पटनाक एतिहासिक गांधी मैदान मे जयभीम पदयात्राक शुभारंभ सँ पहिने युवा सभकेँ संबोधित करैत डॉक्टर मांडविया कहलनि जे युवा सभकेँ बाबा साहेबक बताएल रस्ता पर चलबाक चाही। डॉक्टर मांडविया कहलनि जे प्रधानमंत्री देश केँ विकसित बनयबाक लेल पंच प्रणक माध्यमे रस्ता बतएलनि अछि। हमरा सभकेँ राष्ट्र प्रथम केँ भावना सँ कार्य करबाक चाही आओर विरासत पर गर्व करबाक चाही। प्रधानमंत्री मोदीक विजनक उल्लेख करैत केन्द्रीय मंत्री कहलनि जे पीएम कहलाह अछि देश केँ विकसित बनएबाक लेल एक लाख युवा नेतृत्व केँ जोड़बाक अभियान चलि रहल अछि। माई भारत प्लेटफार्म सँ करीब पौने दू करोड़ युवा जुड़ि चुकलाह अछि। ओ कहलनि जे माई भारत कार्यक्रम समाजिक कार्यक्रमक अलावा भागीदारी आओर समानता केँ भावनाक आधार पर मंच उपलब्ध करबैत अछि।

---

बाबा साहेब अम्बेदकरक जयंतीक पूर्व संध्या पर देश भरि मऽ आइ पांच हजार स्थान सभ पर जयभीम यात्राक आयोजन कएल जा रहल अछि। ई पदयात्रा संविधानक पचहत्तरि साल पुरि गेला पर आयोजित भऽ रहल कार्यक्रम सभक एकटा कड़ी अछि। पटना मे गांधी मैदान सँ शुरू भऽकऽ ई यात्रा जे.पी.गोलम्बर, डाकबंग्ला चौराहा सहित विभिन्न हिस्सा सभसँ होइत पटना हाईकोर्ट स्थित बाबा साहेबक आदम कद प्रतिमाक समीप पहुँचल। पद यात्रा मे एन.एस.एस, एन.सी.सी. आओर भारत स्काउट गाईडक स्वंयसेवक लोकनि भाग लेलनि। कार्यक्रम मे उपमुख्यमंत्री सम्राट चौधरी, उपमुख्यमंत्री विजय कुमार सिन्हा, खेल मंत्री सुरेन्द्र मेहता, विधानसभा अध्यक्ष नंदकिशोर यादव, एनडीएक कतेको सांसद व विधायक लोकनि सेहो भाग लेलनि। डॉक्टर मांडविया आइ

पटनाक ललित नारायण मिश्रा संस्थान आओर बीआईटी पटना मे युवाक संग संवाद कार्यक्रम मे सेहो भाग लेलनि। एम्हर, जदयूक दिस सँ आइ पटनाक बापू सभागार मे भीम संवाद कार्यक्रमक आयोजन कएल गेल। एहि मौका पर मुख्यमंत्री नीतीश कुमार सेहो उपस्थित छलाह। ओतहि, राजद काल्हि प्रदेशक सभ पंचायत सभक दलित टोला सभ मे अम्बेदकर जयंती मनयबाक निर्णय लेलक अछि।

———————————————————————

बिहार भाजपा, कांग्रेस नेता कन्हैया कुमारक खिलाफ प्राथमिकी दर्ज करौलक अछि। पार्टीक मीडिया प्रमुख दानिश इकबाल बतौलनि जे कन्हैया कुमार कैँ दिस सँ प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदीक खिलाफ अभद्र टिप्पणी पर ई प्राथमिकी दर्ज कराओल गेल अछि।

———————————————————————

बैसाखीक त्योहार आइ हर्षोल्लासक संग मनाएल जा रहल अछि। ई त्योहार धार्मिक, सांस्कृतिक आओर ऐतिहासिक दृष्टि सँ महत्वपूर्ण अछि। एहि दिन खालसा पंथक स्थापना भेल छल। एम्हर, खालसा पंथक संस्थापक गुरू गोविन्द सिंहक जन्मस्थान पटना स्थित श्रीहरिमंदिर साहिब मे विशेष कार्यक्रमक आयोजन कएल जा रहल अछि।

———————————————————————

प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी जलियांवाला बागक शहीद सभकैँ श्रद्धांजलि देलनि अछि। सोशल मीडिया पर पोस्ट मे प्रधानमंत्री कहलनि जे आबयवला पीढ़ीसभ शहीद सभक अदम्य भावना कैँ सदिखन मोन राखत। श्री मोदी कहलनि जे शहीद सभक बलिदान भारतक स्वतंत्रता संग्राम मे एकटा महत्वपूर्ण अध्याय अछि।

———————————————————————

राज्य मे चारि सँ पंद्रह मई धरि आयोजित होबवला **खेलो इंडिया यूथ गेम्स** दू हजार पच्चीसक प्रतिक आओर शुभंकरक अनावरण काल्हि कएल जाएत। मुख्यमंत्री सचिवालयक संवाद भवन मे आयोजित कार्यक्रम मे मुख्यमंत्री एकर अनावरण करताह। एहि अवसर पर केन्द्रीय खेल मंत्री मनसुख मांडविया, उपमुख्यमंत्री सम्राट चौधरी आओर विजय कुमार सिन्हा उपस्थित रहताह। ओतहि, केन्द्रीय खेल मंत्री मनसुख मांडविया

**खेलो इंडिया यूथ गेम्सक** थीम सॉग, मशाल आओर जर्सीक अनावरण सांझ छओ बजे पटनाक ज्ञान भवन मे करताह। खेलो इंडिया यूथ गेम्सक आयोजन राज्यक पांच टा जिला– पटना, नालंदा, गया, भागलपुर आओर बेगूसराय मे कएल जाएत।

————————————————————————

मौसम विभाग आइ पटना समेत प्रदेशक चौबीस जिला सभमे बिहारि, बरखा आओर वज्रपात कँ लऽकऽ अलर्ट जारी कयलक अछि। ओतहि, राज्यक अन्य हिस्सा सभमे हल्का बरखाक पूर्वानुमान अछि। मौसम विज्ञान केन्द्र पटना बतएलक जे उत्तर–पूर्वी आओर पश्चिम बिहारक कतेको क्षेत्र सभमे येलो अलर्ट जारी कएल गेल अछि। विभाग कहलक जे सोलह अप्रील तक राज्यक मौसम मे उतार–चढ़ावक दौर जारी रहत। एहि दौरान प्रदेशक कतेको जिला सभमे वज्रपातक संग–संग बरखा सेहो भऽ सकैत अछि। एम्हर, विभाग राज्यक पूर्वी चंपारण, मुजफ्फरपुर आओर वैशाली जिलाक किछु भाग सभमे बरखा, वज्रपात आओर चालीस सँ पचास किलोमीटर प्रतिघंटाक रफ्तार सँ हवा चलबाक अलर्ट जारी कयलक अछि।

————————————————————————

समाप्त